

Konsidere SPARC lòske...

- Ou te fè tout posib ou pou rezoud dezakò ant fanmi ak lekòl men pa ka rive jwenn yon solisyon.
- Ou vle rezoud diferans yo byen vit, san gwo depans epi an sekre.

Demann enfòmasyon yo gratis e konfidansyèl.
Kontakte nou jodi a!

Pwogram Rezolisyon Konfli

Telefòn: 302-831-8158

Imèl: jessicav@udel.edu

www.bidenschool.udel.edu/ipa/serving-delaware/crp/sparc

Pwogram Rezolisyon Konfli

Pandan plis pase 20 ane, Pwogram Rezolisyon Konfli a te devwe pou bati kapasite nan tout eta a pou apwòch kolaboratif pou rezoud konfli. Fondasyon travay nou an bati sou pratik demokratik kle yo: deba, dialòg, jwenn konsansis ak kolaborasyon.

Enstiti pou Administrasyon Piblik

Enstiti Inivèsite Delaware pou Administrasyon Piblik (IPA) la abòde règleman, planifikasyon ak jesyon bezwen patnè li yo atravè entegrasyon rechèch aplike, devlopman pwofesyonèl, ak edikasyon lidè pou demen yo.

Ale sou sit entènèt nou an nan www.ipa.udel.edu.

*Sèvis rezolisyon pou fanmi
ak lekòl yo ki an konfli*

SPARC

*Patenarya edikasyon espesyal pou
pwogram rezolisyon amikal konfli*

Se Enstiti pou Administrasyon Piblik Inivèsite
Delaware la ki bay Pwogram Rezolisyon Konfli a

An koperasyon ak

Depatman Edikasyon nan Delaware

SPARC

Patenarya edikasyon espesyal pou pwogram rezolisyon amikal konfli

Apèsi

SPARC se yon pwogram rezolisyon pwoblèm edikasyon espesyal nan eta a ki sèvi fanmi ak lekòl yo nan Delaware. Lè fanmi ak lekòl yo pa antann yo, SPARC gendwa kapab ede avèk youn nan de (2) sèvis yo:

- **Medyasyon pou edikasyon espesyal**, kote yon medyatè fòme ede pati yo rezoud konfli espesifik yo a konsènan edikasyon yon elèv.
- **Fasilitasyon pou reyinyon IEP**, kote yon fasilitatè fòme ede ekip IEP a nan travay ansanm pou prepare IEP pou elèv la.

Sèvis nou an bati sou respè ak oto-detèminasyon, ki nourri relasyon ant fanmi ak lekòl la. Nou ede tout pati yo travay ansanm nan yon fason ki pozitif pou rezoud pwoblèm yo nan kreye kondisyon pou dyalòg konstruktif ak priz desizyon kolaboratif.

Patisipe nan sèvis SPARC yo ka pa itilize pou retade oswa refize dwa pou jwenn yon odyans kòm sadwa oswa nenpòt lòt dwa yo bay paran yo dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA).

Anplwaye

Se medyatè ak fasilitatè ki gen eksperyans ki espesyalize nan rezolisyon pwoblèm edikasyon espesyal ki fè pati Pwogram Rezolisyon Konfli Inivèsite Delaware la ki jere SPARC la.

Anplwaye SPARC yo konfòme yo ak pi gwo estanda etik, konpetans pwofesyonèl ak entegrite pèsònèl. Nou angaje nou pou bay sèvis rezolisyon pwoblèm ki san pati pri pou sa yo ki gen bezwen.

Sèvis SPARC yo...

- Konfidansyèl
- Gratis
- Volontè
- Efikas
- Avantaje
- Respektye

Ou genyen...

- Yon vwa nan diskisyon ak desizyon yo.
- Èd konfidansyèl e san pati pri.
- Fasilitasyon nan dyalòg louvri ak rezolisyon pwoblèm.
- Rekonesans pèspektiv ak objektif ou yo.

Timoun ekspesyonèl yo merite patenarya ant fanmi ak lekòl ki eksepsyonèl.

SPARC

*Patnarya edikasyon espesyal pou
pwogram rezolisyon amikal konfli*

Fasilitasyon reyinyon IEP

Konsènan fasilitasyon pou reyinyon IEP SPARC la

Fasilitasyon reyinyon IEP a vin nan yon ti bout tan estrateji ki pi rekoni pou amelyore efikasite reyinyon IEP yo.

Reyinyon IEP ki fasilite...

- Pèmèt manm yo konsantre sou edikasyon elèv la nan yon fason ki kolaboratif ak respektye.
- Kreye yon anviwònman dyalòg louvri, ki konpreyansif e ki kreye konfyans pami tout manm yo nan ekip la.
- Asire patisipasyon ekilibre ak priz desizyon pataje pou rive atenn desizyon ki nan pi bon enterè elèv la.

Demann enfòmasyon yo gratis e konfidansyèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte biwo nou an.

**Pwogram Rezolisyon Konfli
Enstiti pou Administrasyon Piblik
Telefòn: 302-831-8158
Imèl: jessicav@udel.edu**

www.bidenschool.udel.edu/ipa/serving-delaware/crp/sparc

SPARC

*Patenarya edikasyon espesyal pou
pwogram rezolisyon amikal konfli*

Fasilitasyon reyinyon IEP

Kijan yon reyinyon ki fasilite fonksyone?

1. Yon fasilitatè SPARC ap pale ak tou de pati yo pou tande preyokipasyon yo, eksplike yo pwosesis fasilitasyon an epi reponn kesyon yo.
2. Si tout pati yo dispoze pou patisipe, fasilitatè a ap kreye yon ajanda pou reyinyon an ka konsidere tout preyokipasyon yo.
3. Pandan reyinyon an, fasilitatè a jere pwosesis rankont la pou ekip la ka konsantre sou bezwen elèv la.
4. Patisipan yo kontwole ak kreye rezilta reyinyon IEP a. Fasilitatè a pa pran pati pri.
5. Si reyinyon an pa fini nan yon antant, pati yo ka pouswiv lòt fason pou rezoud oswa egzèsè garanti pwosedi yo.

Fasilitatè a pa yon manm ekip IEP a oswa avoka okenn moun nan ekip la.

Fasilitatè a se yon moun endepandan san pati pri pou pwosesis reyinyon ekip IEP a.

SPARC

***Patenarya edikasyon espesyal pou
pwogram rezolisyon amikal konfli***

Sèvis medyasyon

Sou sèvis medyasyon SPARC

Sèvis medyasyon SPARC la disponib pou fanmi ak lekòl yo ki vle rezoud diferans yo konsènan edikasyon yon elèv ki gen andikap.

Medyasyon SPARC...

- Gratis, volontè epi konfidansyèl.
- Ankouraje dyalòg.
- Asire yo tandè preyokipasyon yo.
- Jwenn antant komen.
- Rebati relasyon ant lakay ak lekòl la.
- Rann patisipan yo otonòm pou jwenn yon solisyon agreyab ansanm.

Nan medyasyon an, se patisipan yo ki detèmine rezilta a, se pa medyatè a.

Demann enfòmasyon yo gratis e konfidansyèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte biwo nou an.

**Pwogram Rezolisyon Konfli
Enstiti pou Administrasyon Piblik**

Telefòn: 302-831-8158

Imèl: jessicav@udel.edu

www.bidenschool.udel.edu/ipa/serving-delaware/crp/sparc

SPARC

Patenarya edikasyon espesyal pou pwogram rezolasyon amikal konfli

Sèvis medyasyon

Kijan medyasyon an fonksyone?

1. Yon medyatè SPARC ap pale ak tou de pati yo pou tande preyokipasyon yo, eksplike yo pwosesis medyasyon an epi reponn kesyon yo.
2. Si tout pati yo dispoze patisipe, medyatè a pral kowòdone yon lè ak plas pou medyasyon an.
3. Medyatè a gide patisipan yo nan yon pwosesis ki ankouraje dyalòg louvri, ede klarifye pwoblèm yo, ankouraje konpreyansyon ak travay pou atenn yon akò satisfèzan ansanm ki nan pi bon enterè elèv la.
4. Patisipan yo kontwole ak kreye rezilta medyasyon an, epi rezolasyon ki pran yo dokimante nan yon antant medyasyon ki gen fòs legal.
5. Si patisipasyon yo pa rive jwenn yon solisyon, pati yo ka pouswiv lòt fason pou rezoud oswa egzèse garanti pwosedi yo.